



## DEKLARASYON POU LAPRÈS

Pou Difizyon Imedya  
28 fevriye 2025

### **Koalisyon Mira Kondane Plan Dekrè Egzekitif Prezidan Trump Sou Lang Nasyonal**

Boston, MA - An repons a plan dekrè egzekitif Prezidan Trump ki ap fè anglè lang nasyonal peyi a epi elimine fon federal egzijans pou ajans ak lòt benefisyè yo ki ofri asistans lang pou moun ki pa pale anglè, Elizabeth Sweet, Direktris Egzekitif Koalisyon Defans Imigran ak Refijye nan Massachusetts (MIRA), te fè deklarasyon sa a:

"Koupe asistans lang pou moun ki pa pale anglè se yon zak raz e domajab ki pral limite anpil aksè pou imigran yo a resous esansyèl federal gouvènman la. Sa pral mete imigran ki depann sou pwograml lojman federa ak swen sante yo epi ki bezwen asistans lang nan yon pozisyon enposib. Dènye dekrè egzekitif Prezidan Trump la non sèlman ankouraje plis rayisman ak laperèz nan kominote imigran yo, men li eseye efase varyete lang ak kilti imigran yo ki fè nasyon nou an vrèman inik. Beacon Hill dwe pran pozisyon kont aksyon rayisab sa a epi adopte Lwa sou Aksè ak Enklizyon Lang pou moun ki pa pale anglè yo ka gen aksè elaji a resous eta ki enpòtan nan moman kritik sa a."

Kontak pou Medya: Alex Psilakis | [apsilakis@melwoodglobal.com](mailto:apsilakis@melwoodglobal.com)